No. of Printed Pages : 3 | बी.बी.एच.एफ. - 001

# भोजपुरी में आधार पाठ्यक्रम

## सत्रांत परीक्षा

## दिसम्बर, 2010

01135

## Course Code : BBHF - 001

*समय : 2 घण्टे* | *अधिकतम अंक : 50*

***नोट :*** *सभे प्रश्नन के उत्तर देवे के बा।*

1. नीचे लिखल वाक्य में से **सही/गलत** बताईं। 5

(a) भोजपुरी के संबंध मागधी प्राकृत आ ओकरा अपभ्रंश से बा।

सही/गलत

(b) भोजपुरी के आदि कवि सरहपा के मानल जाला।

सही/गलत

(c) दरियादास के भाषा शाहाबाद के भोजपुरी ह।

सही/गलत

(d) सिद्ध आ नाथ साहित्य के भाषा के खाँटी भोजपुरी कहल जा सकेला।

सही/गलत

(e) 'के कहल चुनरी रँगाल' एगो निबंध संग्रह ह।

सही/गलत

2. भोजपुरी के तीन गो विभाषा के नाम बताईं जवना पर दोसरा भाषा के प्रभाव होखे। 5

3. खाली स्थान में सही विभक्ति भर के वाक्य पूरा करीं। 5

(a) ऊ कुकर __________ मरलन।

(b) पुअरा __________ मड़ई छुवत बा।

(c) देह __________ मिरजई उतार द।

(d) तोहरी __________ हम चल जात बानी।

(e) ई मेहरारू __________ लुगरी

4. नीचे लिखल वाक्यन में से वाच्य के पहचान करीं। 5

(a) राम पढ़त बाड़न।

(b) ऊ जात बाड़ी।

(c) खाके अँचवल आई।

(d) खेत जोतात बा।

(e) सरकार अकुलाईल बिया।

5. नीचे लिखल शब्दन में से तत्सम शब्द चुनीं। 5

(a) नदी

(b) भादो

(c) प्रेम

(d) अमीर

(e) जल

(f) सुख

6. विभिन्न विधा के केन्द्र में रख के आधुनिक भोजपुरी गद्य के विकास पर एगो निबंध लीखीं। 7

7. भोजपुरी के महान लेखक रघुबीर नारायण के व्यक्तित्व अउर उनकर रचना 'बटोहिया' पर एगो संक्षिप्त निबंध लीखीं। 7

8. भिखारी ठाकुर के भोजपुरी के 'शेकसपीयर' कहल जाला। कथन के सत्यता पर 200 शब्दन में विचार व्यक्त करीं। 7

9. लोककथा के का विशेषता होला? 'कउवाहँकनी' लोककथा में का संदेश बा? 150 शब्दन में विवेचना करीं। 4

---